



Mesaj Anbasad Repiblik Ayiti nan Kanada

Komemorasyon 12 janvye 2010

Anbasad Repiblik Ayiti nan Kanada, nan okazyon 12^e anivèsè Goudougou 12 janvye 2010 la, rann omaj a plis pase 200 000 fanm, gason ak timoun trajedi sa a pote ale. Anbasad la gen yon panse espesyal pou plizyè milye lòt moun ki te blese, k ap pote mak katastwòf sa tout lavi yo.

Trajedi 12 janvye 2010 la make listwa nou kòm pèp. Li afekte pwogrè Ayiti cheri nou an. Men tou, li te pèmèt lemonn antye dekouvri ekspresyon solidarite ayisyen nan peyi a tankou aletranje, sitou nan kominote ayisyen lan nan Kanada.

Anbasad Repiblik Ayiti nan Kanada, nan jounen komemorasyon sila, envite tout moun sonje moun ki disparèt yo epi onore memwa yo nan pran responsablite pou travay avèk detèminsayon pou nasyon nou an e sitou pou prepare peyi a pou lòt dezast kap gen pou vini yo.

Ottawa, 12 janvye 2022